

Se pou nou yon egzant pou moun ki kwè yo

Pa Mary N. Cook

Premyè Konseyè nan Prezidans Jeneral Jènfi yo

Mwen ta renmen pou envite nou pou n “yonegzant pou moun ki kwè yo... nan lafwa [ak] nan pite.”

Sa pa gen lontan, Ti Ruby te fèt nan yon fanmi. Pandan m t ap gade nan bèle ti figi li, mwen te emèveye dèské m te konnen ke anvan li te vini sou tè a, li t ap viv nan prezans Papa nou ki nan Syèl la. Li te aksepte gran plan bonè a1 epi li te chwazi pou swiv Limenm ak Jezikri, Sovè nou an. Akoz desizyon li a, li te jwenn posiblite pou vini sou tè a pou fè eksperyans mòtalite epi pwogrese vè lavi etènèl. Avèk lespri 1 reyini avèk kò li, Ruby antre nan yon tan aprantisaj kote li kapab pwouve tèt li, chwazi pou swiv Kris la, epi prepare pou vin diy pou lavi etènèl.

Ruby te vini sou tè sa a tou pi, men kòm pati plan an, la p gen pou pase tès. Lap gen pou l rankontre eprèv ak tantasyon e la pral fè erè. Sepandan, gras ak Sakrifis Ekspyatwa Sovè a, Ruby kapab jwenn padon, resevwa yon jwa konplèt epi vin pi ankò.---pare pou viv pou toutan nan prezans Papa nou ki nan Syèl la.

Kèk èdtan apre nesans li, mwen te gen privilèj pou m te kenbe ti pitit presye sa a nan bra mwen. Mwen te di manman an, “O, nou dwe ansenyè Ruby kijan pou l tounen yon fi vètye, pi, epi ki san pri jan non li endike l la.”²

Manman li te reponn, “ M ap kòmanse jodia menm.”

Kisa manman Ruby pral fè pou l “kòmanse jodia menm?” Kijan noumenm antanke paran, granparan ak dirijan nou kapab kòmanse epi kenbe timoun nou yo,---jèn nou yo--- sou chemen lavi etènèl la? Nou dwe “yon ...[egzant] pou moun ki kwè yo.”³

Pwofèt Brigham Young te di, “Nou pa dwe janm pèmèt tèt nou fè anyen nou pa ta renmen pitit nou yo fè. Nou dwe sèvi yo yon egzant nou swete yo imite.”⁴ Nou chak kapab “kòmanse jodia menm” nan tounen bon egzant sa a.

Jodi a mwen ta renmen envite nou pou nou “yon ... egzant pou moun ki kwè yo... nan lafwa [ak] nan pite”⁵--- de prensip ki nesesè pou sali.

Se pou nou yon egzant pou moun ki kwè yo nan lafwa. Aktivman fòtifye lafwa nou ak temwanyaj nou konsènan Jezikri, epi konsa prepare nou pou temwanye bay pitit nou yo an pawòl epi pa legzant

Kite m pale nou de yon manman ekstraòdinè ke lavi li te yon egzant lafwa. Lè Pwofèt Joseph Smith te yon trè jèn tigason, li t ap gade epi aprann osijè lafwa nan Bondye nan men manman li, Lucy Mack Smith. Lucy te chèche repons yo nan sonde ekriti yo,⁶ e Joseph tou, te anplwaye menm pratik la, li te li nan Bib la pou l te chèche gidans menmjan manman li te fè.⁷

Lucy te rezoud pwoblèm fanmi an nan chèche èd Senyè anprive atravè lapriyè tou. Yon jou, paske te gen yon pwoblèm nan fanmi li konsènan sijè reliyon, Lucy di ke “ li te ale nan yon ti forè ki te gen bèle pye seriz sovaj pa twò lwen lakay li epi li te priye Senyè a....”⁸

Lucy te priye avèk gwo lafwa tou lè li te rankontre gwo pwoblèm sante grav, lè Joseph te prèske pèdi janm li ak yon malady yo rele osteomyletic, epi lè sè Joseph la, Sofrony, te prèske mouri anba lafyèv tyfoyd. Apwopo maladi Sofrony a , Lucy te ekri, “ Mwen te gade pitit mwen an ... Mari m avèk mwen nou te mete men nou ansanm epi nou te mete n ajenou bò kabann nan epi nou te devèse soufrans nou ak suplikasyon nou nan zòrèy li...”⁹ Sofrony te viv. Mwen sèten ke pitit Lucy yo te souvan temwen priyè lafwa l yo, kote li t ap chèche epi resevwa repons pou priyè li yo.

Lucy te priye ak lafwa pou gidans, e Joseph tou te ale nan yon ti forè pyebwa, kote li te priye avèk lafwa, pandan l t ap tann yon repons nan men Senyè a menmjan ak manman li.

Menmjan ak Lucy, nou dwe montre pitit nou yo ak jèn yo kijan pou yo fòtifye lafwa yo ak temwanyaj yo nan Jezikri nan fòtifye pwòp pa yo, atravè etidye ekriti yo epi atravè lapriyè, pèsònèlman epi avèk yo.

Diferan avèk Lucy, jodia nou beni dèské nou genyen plis pase yon Bib, nou gen ekriti dènye jou yo ak pawòl pwofèt dènye jou yo, pou “gide nou an sekirite”¹⁰ sou chemen lavi etènèl la. Nan Liv Mòmon an nou aprann apwopo sila yo sou chemen an ki te “kenbe pwent bafè a byendi”¹¹ “.” ki siyifi “pawòl Bondye a.”¹² Nan mond jodia ki chaje ak tantasyon, “kenbe fèm” kapab difisil, pandan ke Satan nan fason malonèt li yo ap eseye rale nou lwen chemen Bondye. Si nou gen yon men nou sou bafè a ak yon men nou nan mond lan, nou mete pitit nou yo ak jèn nou yon andanje pou yo pèdi chemen yo sou wout la. Si gen konfizyon nan egzant nou yo, enben, nan pawòl Jakòb, n ap pèdi “ konfyans pitit nou yo akoz move egzant nou yo....”¹³

Paran, granparan ak dirijan yo, mesaj nou dwe klè. Klète sèlman kapab soti nan genyen toulède men nou sou bafè ak nan viv pa verite nou jwenn nan ekriti yo ak pawòl pwofèt dènye jou yo. Nou gen dwa pa ap elve yon pwofèt tankou Lucy, men nou ap sètènman elve dirijan pou demen, e aksyon nou yo osi klèman liye ak lafwa ak fòs espirityèl pitit nou yo ke sa te ye pou li.

Apresa, se pou nou yon egzant pou moun ki kwè yo nan pite. Sèl fason pou nou vin pi se atravè Sakrifis Ekspiyatwa Sovè nou an. Pou nou chak, pwoesisis pou nou vin pi a kòmanse avèk lafwa, repantans, ak premye alyans batèm nan.

Pou ede pitit nou yo viv alyans batèm yo, Eldè Robert D. Hales te di, “Nou anseye san an moman yo soti nan dlo a, nan moman yo soti nan mond lan pou antre nan wayòm Bondye a. Pa alyans, yo dakò pou obeyi kòmandman Li yo.”¹⁴

Bwochi *Pou fòs jèn yo* se yon bon zouti pou ede jèn nou yo konprann obligasyon sakre sa a ki se fè alyans lan ak benediksyon pite ki vini soti nan kenbe alyans. Li gen pawòl pwofèt dènyè jou yo---bafè k ap gide yo an sekirite nan chemen etwat ak kwense a, k ap kenbe yo lwen pyèj Satan yo ki kapab ralanti pwogrè yo. Nan bwochi sa a, n ap dekouvri tout benediksyon ki soti nan obeyisans ak rechèch sa ki “gen vèti, [ak] emab.”¹⁵

Paran yo, chèche gen yon kopi pèsònèl bwochi sa a epi li li souvan. Viv prensi yo noumenm. Fè bonjan konvèrsasyon avèk jèn yo ki ap ede yo devlope pwòp dezi pa yo pou viv ak dekouvri pou tèt pa yo siyifikasyon ak objektif prensip yo.

Prensip nou jwenn nan seksyon “Divètisman ak Medya” a ak “Abiman ak Aparans” la kapab patikilyèman difisil paske yo vin plis an plis an kontradiksyon avèk prensip mond la.

Nou dwe egzant nan sa ki vètye ak bon kalite nan chwa medya pèsonèl nou yo. Nou dwe pran prekosyon pou medya nou envite nan fwaye nou yo pa anpeche nou santi Lespri a, blese relasyon nou avèk fanmi nou ak zanmi nou, oubyen revele priyorite pèsonèl ki pa anrapò avèk prensip levanjil yo. Pa legzant nou kapab ede pitit nou yo konprann ke pase anpil tan ap itilize entènèt, medya sosyal ak telefòn selilè, jwe jwèt videoy oubyen gade televizyon anpeche nou fè aktivite ki pwodiktif ak komunikasyon valab avèk lòt moun.

Nou montre egzant bagay ki vètye ak bon kalite tou nan fason nou abiye ak nan aparans nou. Antanke yon pèp alyans, nou gen responsabilite pou pran swen, pwoteje epi abiye kò nou kòm sa dwa. Nou dwe ede pitit nou yo ak jèn yo konprann ke nou respekte kò nou antanke tanp ak kòm kado Bondye.¹⁷ Nou montre egzant la lè nou refize achte oubyen abiye ak rad ki endesan, twò sere, twò kout, oubyen ki transparan oswa dekòlte.

Moun ki kenbe alyans yo ap efòse yo pou yo rete obeyisan “toutan...ak nan tout kote”¹⁸ poutèt lanmou yo pou Bondye ak benediksyon Li pwomèt yo. Yon jou swa, pandan mwen t ap mache avèk mari m, nou te pase devan yon pòt kote te gen yon resepsyon maryaj ki t ap fèt. Nou pat konnen moun sa yo men te gen yon enpresyon vèti imedyat. Chwa mizik yo ak abiman yo te ekstraòdinè. Bèl rad lamarye a te absoliman modès, menmjan ak rad fiy donè l yo. Fanmi sa a pa t chwazi melanje fason mond la avèk sentete jou sa a.

Kounyeya, kite m di yon mo pou jèn ekstraòdinè nou yo nan legliz la. Mèsi pou egzant ladwati n ap bay zanmi nou, pwofesè nou, dirijan nou, ak fanmi nou. Mwen rekonèt ke anpil nan noumenm se sèl manm Legliz la nan fanmi nou. Nou gen dwa menm ap vin legliz la poukout nou. Mwen konplimante nou pou angajman nou ak egzant ladwati nou. Rete pasyan epi kontinye viv nan ladwati. Gen anpil moun ki kapab ede nou. Prezidan Thomas S. Monson te di, “ Menm yon fanmi egzanplè ... kapab itilize tout èd ak sipò yo kapab jwenn nan menm bonjan gason [ak fi] ki sensèman sousye.”¹⁹

Gade bò kote nou nan pawas nou ak nan pye nou pou n wè dirijan ak zanmi ki se egzant pou moun ki kwè yo epi aprann nan men yo.

Lè m te jènfi, mwen te idantifye moun ki te egzant pou moun ki kwè yo. Anplis paran mwen, youn nan yo sete matant mwen, Carma Cutler. Mwen sonje trèbyen mesaj li te bay sou prensip nan yon reyinyon pye yon jou swa lè m te gen 16 an. Li te ansenye sou enpòtans rete chas ak diy pou maryaj nan tanp. Mwen te pwofondeman touche pa temwanyaj li. Mwen te obsèvè lavi vètye li depi lè m te yon jèn tifi e mwen te konnen li te konsistan avèk ansèyman l yo. Mwen te vle swiv egzant matant Carma.

Jènjan yo ak jènfi yo, *nou* kapab kòmanse jodia menm pou nou vin yon egzant pou moun ki kwè yo, nan lafwa ak nan pite. Fòtifye lafwa nou ak temwanyaj nou chak jou atravè etid ekriti ak lapriyè. Kenbe alyans batèm nou, ki ap ede nou kenbe tèt nou pi ak diy pou gidans Sentespri a. Nou kapab kòmanse jodi a menm pou nou vin egzant pou lòt moun swiv.

E nou pa janm konnen--- nou kapab vin egzant ti Ruby m nan ap bezwen yon jou a. Pou kounyeya, Ruby gen yon mèveye kòmansman sou chemen lavi etènèl la. Paran li ap tabli modèl ladwati nan fwaye fwaye yo, nan kòmanse chak jou avèk yon rezolisyon pou yo egzant pou moun ki kwè yo. Mwen espere ke Ruby ap itilize libabit li, pou l swiv yo.

Mwen rekonesan pou plan bonè a, e mwen temwanye se sèl fason Ruby-ak nou chak -kapab pi ankò epi viv pou toutan nan prezans Papa nou ki nan Syèl la. Se pou nou chak kòmanse jodi a menm. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. Gade Abraham 3:22–26.
2. Gade Pwovèb 31:10.
3. 1 Timote 4:12.
4. *Teachings of Presidents of the Church: Brigham Young* (1997), 173.
5. 1 Timote 4:12.
6. Gade Lucy Mack Smith, *History of Joseph Smith by His Mother*, ed. Scot Facer Proctor and Maurine Jensen Proctor (1996), 50.
7. Gade Joseph Smith—History 1:11–12.
8. Smith, *History of Joseph Smith*, 58.
9. Smith, *History of Joseph Smith*, 69.
10. “The Iron Rod,” *Hymns*, no. 274.
11. 1 Nefi 8:30.
12. 1 Nefi 11:25.
13. Jakò 2:35.
14. Robert D. Hales, *Return: Four Phases of Our Mortal Journey Home* (2010), 60.
15. *Preach My Gospel: A Guide to Missionary Service* (2004), 63.
16. Atik Lafwa 1:13.
17. Gade 1 Korentyen 3:16.
18. Mozya 18:9.
19. Thomas S. Monson, “Examples of Righteousness,” *Liahona*, May 2008, 66.